


NeMutungamiri  
Thomas S. Monson



# Kusheedzwa kuBasa

**A**po Muporofita Joseph Smith pavakasheedza Gosa Heber C. Kimball (1801–68) kuti “vavhure musuwo weruponeso” semushumiri kunyika yeEngland, Gosa Kimball vakanzwa manzwiwo akasimba ekusakodzera.

“Ishe”, vakanyora vachidaro, “Ndiri murume ane rurimi runokakamira, uye zvachose asinakukodzera kuita basa rakadayi”.

Gosa Kimball vakatambira kusheedzwa uku zvisinei, vachiwedzera vachiti: “Pfungwa idzi hadzina kundibvisa kubva munzira yebasa panguva yandakangonzwisisa chido chaBaba vangu Vekudenga, ndakanzwa hushingi hwekue-nda zvisinei nematambudziko api zvawo kana zvinetso zvipi zvazvo, ndichitenda kuti Vanozonditsigira nesimba Ravo guru, uye vagondiropafadza nekodzero yose yandaida”.<sup>1</sup>

Mabhuradha nemasisita angu vechidiki avo vanosheedzwa kumushando hweushumiri hwenguva izere, munosheedzwa kubasa iri nekuti imi, sezvakaita Gosa Kimball, “mune zvido zvekushandira Mwari”. (D&C 4:3) nekuti makagadzirira uye makakodzera.

Vakaroorana vavechikuru, munosheedzwa kubasa irori nezvikonzero zvimwechetezvo. Imi, zvisinei, hamuunze kwete chete chido chokushandira, asiwo ungaru hwa-kawanikwa mumakore ekuzvipira, erudo, uye eruzivo rwamavanarwo izvo zvinokwanisa kushandiswa naBaba venyu Vekudenga kubata mwoyo yevanakomana nevanasi-kana varikutsvaga chokwadi. Pasina kupokana makadzidza kuti hatimbofa takagona kuda Ishe pachokwadi kusvikira taVashandira kuburikidza nokushandira vamwe.

Maererano nezvido zvenyu zvekushandira sevashumiri, muchawedzera rutendo nesimba, ushingi neruvimbo,

kutsungirira nekugwinyirira, kusimbirira nekuzvipira. Vashumiri vakazvipira vanogona kuunza zvishamiso mubasa roushumiri.

Mutungamiri John Taylor (1808–1887) vakataura muchidimbu hunhu hwakakosha hwevashumiri nenzira iyi: “Rudzi rwevarume uye vakadzi nevakaroorana vatinoda kuti vatakure shoko raMwari varume vanerutendo muna-Mwari; varume vanerutendo muchitendero chavo; varume vanoremekedza hupirisita hwavo, varume vanovimbwa navo naMwari. . . . Tinoda varume vakazara neMweya Mutsvene uye nesimba raMwari[,] . . . varume veruremekedzo, vakavimbika, vehunhu uye vakachena mumwoyo.”<sup>2</sup>

Ishe vakazivisa kuti:

“Nokuti tarisai munda wachena wave kuda kukohwewa uye onai; uyo anoisa jeko rake nokugwinya, iyeyo anochengetedza zvekuti asafe, asi anounza ruponeso kumweya wake;

“Uye rutendo, tariro, rudo rwakadzama nerudo, neziso rakatarisana bedzi kukubwinya kwaMwari, kunomuita kuti akwanise basa.” (D&Z 4:4–5)

Shevedzo yenyu yakauya kuburikidza nefemero. Ndinopupura kuti uyo anosheedzwa naMwari, Mwari vanomukodzera. Munozogamuchira rubatsiro rwekudenga apo munoshanda muchinyengetera mumunda wemizambiringa waIshe.

Vimbiso yakanaka iyo Ishe yavakapa kuvashumiri kumvambo kwemukuwo uno, sezvazviri muDzidziso neZvibvumirano, zvichava zvenyu: “Ndichaenda pamberi pehuso hwenyu. Ndichange ndiri kurudyi rwenyu nokuruboshwe, Mweya wangu uchange uri mumwoyo yenyu, uye ngirozi

dzangu dzakakukomberedzai, kuti dzikusimudzirei pamu-  
soro.” (D&Z 84:88).

Apo pamunoshandira, muchavaka ndangariro neshamwari dzakakosha dzekusingaperi. Handina munda wandinoviva unoburitsa goho guru chaizvo rerufaro unopinda munda weushumiri.

Zvino, izwi rekurudziro kuneavo magosa, masisita, uye vakaroorana avo, nechikonzero chipi zvachwo, vanga-  
ngova vakatadza kukwanisa kupedza nguva yavo yavakatarirwa mumunda weushumiri: Ishe vanokudai. Vanotenda nekuzvipira kwenyu. Vanoziva chigumbu chenyu. Zivai kuti Vachine basa rekuti muite. Musarega Satani achikuta-  
urirai zvisiri saizvozvo. Musasuruvare; musavore mwoyo; musarase tariro.

Sezvandakacherechedza mumusangano mukuru chinguva chipfupi ndangobva kusheedzwa kuti nditungamirire Chechi: “Usatye. Iva wakafara. Ramangwana rakajeka sorutendo rwako”.<sup>3</sup> Vimbiso iyoyi ichine chokwadi nekwa-  
muri. Naizvozvo musarase rutendo rwenyu, nokuti Ishe havana kurasa rutendo mamuri. Chengetedzai zvibvumirano zvenyu uye muenderere mberi.

Nyika inoda vhangeri raJesu Kristu. Dai Ishe Vakomborera Vatendi Vavo vose-nemwoyo wehushumiri-zvisinei nekwatanoshandira.

#### ZVIMWE ZVINYORWA

1. Heber C. Kimball, muna Orson F Whitney. *Life of Heber C. Kimball*. 3rd ed.(1967),104.
2. *Teachings of Presidents of the Church: John Taylor* (2001), 73.
3. Thomas S. Monson, “Be of Good Cheer,” *Liahona*, Kubvumbi 2009, 92.

---

#### KUDZIDZISA KUBVA MUSHOKO RINO

Kunyange tiri tinoshandira kana kusashandira sevashumiri venguva yakazara, umwe neumwe wedu ane mukana wekugovera vhangeri uye kushandira avo vakatikomberedza. Funga kubatanidza shoko rino nenharurwa yemusoro wenyaya uno yemusangano mukuru uchangopfuura, yakaita seinoti “Sharing the Restored Gospel” naGosa Dallin H. Oaks veChikwata cheVaapostori vaneGumi neVaviri (*Liahona*, Mbudzi. 2016, 57). Munogonawo kukurukura ndevo inoti “uyo anosheedzwa naMwari, Mwari vanomukodzeresa” neavo vamu-  
nodzidzisa. Vakanzwa kutsigirwa naMwari sei mubasa

roushumiri nemushevedzo dzemucheche? Unokwanisa kukoka avo vamunodzidzisa kuti vanamatire simba uye femero yekuziva magovererano evhangeri nemhuri, neshamwari dzavo uye nevavakidzani vavo.

## VECHIDIKI

### Mushumiri asina Bheji reZita

NaKirsti Arave

**K**uchikoro ndine mudzidzisi ane rudzi rwohunhu rwunogona kutyisa umwe munhu kuti asagovere pfungwa dzinopikisa pamusoro peimwe nyaya irikukururwa. Rimwe zuva takatanga kukurukura pamusoro pevashumiri veVatendi Vamazuva Vekupedzisira. Ndaiziva kuti ndaigona kunge ndaka pindura mibvunzo yake, asi ndakanzwa kuti ndiregere kupindura. Naizvozvo ndakangotaura zvakanzwa kumugutsa kwenguva iyoyo.

Pamasvondo aitevera pamberi ndakatadza kumira kufunga nezvenhaurirano yedu. Pekupedzisira, kapfungwa kakauya kwandiri kekuti ndaifanirwa kumupa Bhuku raMormoni rine zvimwe zvinyorwa zvakatarwa pamusoro pebasa reushumiri. Kapfungwa aka kakan-  
dityisa, asi kakaramba kario. Ndakaziva kuti kaive femero yandaifanira kutevera.

Mushure memwedzi inogona kuita miviri, ndakanga ndagadzirira neBhuku raMormoni. Zuva rose ndakanzwa sekunge bhuku rakanga richida kuburitswa kubva mubhegi rangu kuti rishandiswe. Masekonzi matatu azvakanditorera kuti ndiritambidze kwaari apo pandaienda kuzororo renguva yechando akava chinguva chinotyisa zvikuru-kuru cheupenyu hwangu.

Pazuva rokutanga tadzoka, ndakapfuura nepamupanda wekudzidzira wake asi ndakatya kupindamo. Zvino ndakanzwa ondisheedza, uye akandipa kadhi. Ndakariverenga mumukoto wepakati pemakirasi. Akanyora kuti ainge anzvera kwenguva refu ndima dzandainge ndakamutarira, uye ainge ave kutanga kuona zvimwe zvikonzero zvechitendero changu.

Ndinonzwa kufara zvikuru kugovera vhangeri, uye ndiri kutonyanya kufara zvikuru kunoshandira Baba vangu Vekudenga muushumiri panguva shoma inotevera.



# Simba reHupirisita kuburikidza Nekuchengeta Zvibvumirano

*Nemunamato dzidza chinyorwa chino uye wotsvaga femero yekuziva izvo zvekugovera. Kunzwisisa chinangwa cheChita cheRubatsiro kunozogadzirira sei vanasikana vaMwari kuwana maropafadzo ehupenyu husingaperi?*

Rutendo, Mhuri, Rubatsiro

"Shoko rangu kwamuri . . . mose nderekuti tinogona kurarama awa yega yega 'tichikomborerwa nemasimba esimba rehupirisita', zvisinei nemagariro akaita munhu," pamamiriro ezvinhu api zvawo vakadaro Gosa Neil L. Andersen veChikwata cheVaapositori vaneGumi neVaviri.

" . . . Apo pamunotoro chinhano muzvisungo zvehupirisita makakodzera, Ishe vanozokupai simba guru, runyararo, uye nemaonero ezvinhu ekusingaperi. Mumamiriro ezvinhu enyu api zvawo, imba yenyu 'inozokomborerwa nemasimba esimba rehupirisita' ".<sup>1</sup>

Tingakoke sei masimba ehupirisita muhupenyu hwedu? Gosa M. Russell Ballard veChikwata cheVaapositori vaneGumi neVaviri vanotiyeuchidza kuti "avo vakapinda mumvura dzerubhabhatidzo uye vakazogamuchira endawumendi yavo muimba yaIshe

vanekodzero yekuwana makomborerero anokosha uye anoshamisa. Endawumendi iyoyi inotova chizvo chipo chesimba . . . [uye] Baba vedu vari Kudenga havana rutsuta nesimba Ravo." Vanotirangaridza kuti varume nevakadzi "vese vanoropafadzwa nesimba rimwechetero" "mutemberi, izvo netsananguro zvinova zvinoreva simba rehupirisita".<sup>2</sup>

Linda K. Burton, Mutungamiri Mukuru weChita Cherubastiro, akati: "Sezvo simba rehupirisita chiri chinhu chatinoda tose kuvanacho mumhuri nemudzimba dzedu chii isu chatinofanirwa kuita kuti tikoke simba iroro muhupenyu hwedu? Ururami hwakakoshesa pakuti uve nesimba rehupirista".<sup>3</sup>

"Kana tikazviendesha pambe-ri paIshe takazvinipisa uye tikaVakumbira kuti vatidzidzise, Vanotirakidza kuti tinowedzera sei *mukana wekushandisa simba Ravo,*" vakadaro Mutungamiri

Russell M. Nelson, Mutungamiri veChikwata cheVaapositori vaneGumi neVaviri.<sup>4</sup>

## Zvimwe Zvinyorwa Zvitsvene neRuzivo

1 Nifai 14:14; Dzidziso neZvibvumirano 121:36; 132:20; [reliefsociety.lds.org](http://reliefsociety.lds.org)

### ZVIMWE ZVINYORWA

1. Neil L. Andersen, "Power in the Priesthood," *Liahona*, Mbudzi 2013, 92, 95.
2. M. Russell Ballard, "Men and Women and Priesthood Power," *Liahona*, Gunyana 2014, 36.
3. Linda K. Burton, "Priesthood Power—Available to All," *Ensign*, Chikumi. 2014, 21.
4. Russell M. Nelson, "The Price of Priesthood Power" *Liahona*, Kubvumbi 2016, 69.

### Funga Izvi

Kuchengetedza zvibvumirano zvedu kunotikomborerwa sei nesimba rehupirisita?